



REPIBLIK D AYITI

SEKRETERI D ETA POU
ALFABETIZASYON

APRANN
(dezyèm pati)



Dezyèm pati

"Liv sa a se rezilta yon bon lide ak yon bèl relasyon zanmitay."


L. R. D.

Egzèsis # 29


1




lendi




se pou tout moun nan fanmi an pran
abitid travay ansanm.



se pou tout moun nan fanmi an **pran**
abitid travay ansanm



se pou tout moun nan fanmi an **pran**
abitid travay ansanm




pran
prete
pòtoprens
prita

pratik
privilèj
prensip
prèv

trete
tranble
tren
trase

trèt
trip
zatrapp
tris




pran
prete
pòtoprens
prita

pratik
privilèj
prensip
prèv

trete
tranble
tren
trase

trèt
trip
zatrapp
tris




lespri

plant

bèt


moun

konprann



se pou nou pran abitid travay ansanm nan yon fanmi.

se pou tigason yo patisipe nan travay k ap fèt nan kay la menm jan ak tifi yo. pa bay timoun yo pote chay yo poko ka pote.



chwazi youn nan 2 mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

tigason tifi

1- se pou yo fè ni tigason ni ale lekòl

travay dezòd

2- anpil moun di se libète

chofè timoun

3- pa bay yo pote chay ki twò lou

valè konesans

4- gason ak fi gen menm

maltrete dezobeyi

5- fòk nou pa timoun yo paske timoun se moun.

respè dwa

6- tout moun merite



se pou yo respekte enterè ak opinyon chak moun ki nan yon fanmi.

se pou paran yo respekte dwa timoun yo. timoun gen dwa menm jan ak tout moun.


mari a dwe pataje travay nan kay la ak madanm li.

se nan travay ansanm n ap pwofite pran abitid pale ansanm.



ki kalite aktivite nou ka fè ansanm nan yon fanmi?

èske nou konn fè reyinyon pou nou pale ansanm lè nou gen pwoblèm nan fanmi an?



ekri non 5 bèt ou konnen


1 _____

2 _____


3 _____

4 _____

5 _____



Egzèsis # 30




2


madi




travay ledikasyon nan fanmi an fèt pou l gen premye plas nan aktivite paran yo



travay ledikasyon nan fanmi an fèt pou l gen **premye plas** nan aktivite paran yo




travay ledikasyon nan fanmi an fèt pou l gen **premye plas** nan aktivite paran yo



pla
plat
plas
plase

plan
planch
plante

plede
souple
plètil
silvouplè



silvouplè


ploye

lapli

plen

plonje


plòg



aprann

priyè


prèske



silvouplè
souple
tanpri

mèsi anpil
mèsi davans
mès


lizaj
ledikasyon
fòmasyon



silvouplè
mèsi anpil
mèsi davans

tanpri
souple
lizaj

mès
fòmasyon
ledikasyon




si nan fanmi an nou pa gen abitud chita
pale travay ledikasyon seksyèl la p ap fèt
se pou yo respekte enterè ak opinyon
chak moun nan fanmi an

se depi timoun yo piti pou nou aprann yo
respekte kò yo




se depi yo tou piti pou nou aprann yo
renmen kò yo


kon sa y ap wè nesesite pou yo respekte
kò yo epi pou yo renmen kò pa lòt yo

fòk pa gen fòs kote nan jan n ap leve tifi
ak tigason



anba chak desen w ap ekri sa li reprezante a.





chwazi youn nan 2 mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo

ledikasyon mwayen
1-.....se zouti chanjman

tras plas
2- ledikasyon gen yon..... enpòtan
nan jan yon fanmi ap mache

kounye a talè
3-.....gen yon maladi k ap
touye anpil moun nan monn nan

seksyèl lajan
4- li enpòtan pou paran yo fè ledikasyon
.....timoun yo

enfòmasyon lizaj
5- fè tout moun gen bon jan.....
sou jan y ap kapab poteje tèt yo kont
SIDA



ou konnen gen yon timoun nan vwazinaj
la ki ansent, timoun nan poko menm gen
katòz an

epoutan paran tifi a te kenbe l di anpil
epi gade sa ki rive

se pa kenbe yon timoun di k ap fè li pa fè
fo pa nan lavi a

se vre fòk ou voye je sou timoun yo men
fòk paran yo pale ak yo tou

fòk paran yo koute sa k ap soti nan
bouch timoun pou yo ka konnen ki sa yo
bezwen kòm ledikasyon ak enfòmasyon



èske w konnen ki konsekans sa genyen
pou yon jenn fi ki ansent twò bonè?

sa w panse de koze tigason se ti kòk, tifi
se ti poul la?




ekri non kat vil nan peyi d Ayiti

1 _____

2 _____

3 _____


4 _____




A series of ten horizontal lines, evenly spaced, spanning the width of the page, intended for writing.

Egzèsis # 31


3




mèkredi




se pou paran yo pran abitud rasanble
tout timoun yo pou yo chita pale ak yo



se pou paran yo **pran abitud** rasanble tout
timoun yo pou yo **chita** pale ak yo




se pou paran yo **pran abitud** rasanble tout
timoun yo pou yo **chita** pale ak yo




chay
chany
kichòy

chanje
chanjman
anchaje


chèche chèch
chèche cheri
chich chouchou




cheri chimè chosèt rich
chalè chofè chanday richès
chemen chofe recho richa



chèche
chemen
chanjman




rache
chare
rechiya



nou pa pè chalè beton an.
se lavi n ap chèche.
mache chèche pa dòmi san soupe.
chèche fè zanmi ak timoun nou yo.

pi bon fason pou nou gen bon rapò ak
timoun yo se chita pale ak yo.



chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

zòrèy bouch

1-..... manje tout manje men li pa pale tout pawòl

zòrèy nen

2-.....pa long pase kò

chemen kouche


3- ranje kabann ou anvan w.....

chire chofe

4- nou pa fèt pou nou viv nan..... pit

cheri chèf


5- yon.....se yon moun ki renmen sèvi lòt moun



san**ble**
ra**sanble**
tra**nable**

blan
blòf
ra**blabla**


blag
ble
bloke



blese
feblès
bliye

oubli
sètoblije
blayi

tablo
blòk
fèblan



chwazi youn nan 2 mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

tranble

rasanble

1- annou..... tout fòs nou pou nou òganize nou

òganizasyon

chanjman

2- fè tèt ansanm se chemen.....



nou tout pa menm men nou tout sanble.

si nou sanble fòk nou ka chita pale.

si n ap chita pale sa vle di nou pare pou nou respekte lide pa chak moun.


travay ledikasyon se travay ki chita sou respè ak bon antant.

nou bezwen edike timoun yo nan respè ak nan renmen.



èske nou wè jan sa enpòtan pou nou òganize nou?

ki jan nou wè travay ledikasyon seksyèl la makònen ak chita pale nan fanmi an?




ekri non kat fèy te ou konnen

1

2

3


4



A series of horizontal lines for writing, consisting of 15 parallel lines spaced evenly down the page.




Egzèsis # 32




4
jedi



tout paran fèt pou yo bay pitit yo yon
ledikasyon seksyèl kòrèk




tout paran fèt pou yo bay pitit yo yon
ledikasyon seksyèl kòrèk



tranble
konble
lapli

pap
sal
blanch


pèch
chèk
chanmas




cheve
michèl
chabon
pil

chante
blèm
bidonvil
pilòt

bòlèt
blennde
chato
plise



montre
transpò
pòtre
blennde
prije



sèvi ak bon jan mwayen pou nou poteje tèt nou kont divès maladi danjere.


gen anpil maladi moun ka trape nan fè sèks.

SIDA se youn nan maladi sa yo.


se pou nou konpòte nou yon jan pou nou pa trape maladi SIDA.

se pou nou chèche bon enfòmasyon sou maladi SIDA a.

se pou paran yo fè timoun yo konnen nenpòt ki moun ka trape maladi SIDA depi li pa pran prekosyon ki nesesè.




blanchi
deplase
planch
derechany



blennde
blenndè
boulvèse

desann
montre
demonstre

pozisyon
desizyon
okazyon



chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

plezantri

demonstre

1- se pa tout moun ki renmen yo fè..... avè yo

mache

leve

2- gen moun ki pito.....pase yo rete anplas

aprann

desann

3- depi yon moun fèt l ap..... jouk li mouri

pòch


kalòj

4- menm si..... mwen vid se pa kè m ki vid pou sa

plezi

misyon

5- se pa tout moun ki renmen.....




mwen renmen chante bèl chante.

mwen renmen tire bèl kont.

se bèl plezi lè nou tout rasanble anba tonèl, nou tire kont epi nou bay blag chak swa.

timoun lontan te renmen sote kòd epi yo te renmen fè ligo.



trankil

plezantri

deblozay



li enpòtan pou yo fè tigason yo konnen ki kalite chanjman k ap fèt nan kò yo lè y ap grandi.


li enpòtan pou tifi yo konnen sa tou.

kon sa sa ap ede timoun yo pa gen move lide sou chanjman sa yo.

sa ap ede timoun yo konsidere chanjman sa yo tankou yon fenomèn natirèl.

nou jwenn chanjman sa yo kay timoun ki gen ant 9 ak 16 lane.

lè chanjman sa yo ap fèt nou pa bezwen pè se pou nou chèche konnen ki jan pou nou viv moman sa yo.



ekri non kat pati nan kò w

1 _____

2 _____

3 _____

4 _____

Egzèsis # 33




1


lendi



moun pa dwe fèmen je yo sou danje ki menase anviwònman an




moun pa **dwe** fèmen je yo sou danje ki menase anviwònman an.



dwa
dwe
dwèt


dwòl
dwòg
dwat



dwat
dwèt


dwe
dwa

dwòl
dwòg



dwa
lwe
lwen


twa
twò
twou



lwa

lwen

twa




dwa

dwe

dwòl

dwoum




twal

twalèt

twò

twou



annou fè yon ti pale.

nou kòmanse gen anpil poblèm pou nou viv sou tè a.

gen anpil kote syèl la pa ble ankò akòz yon pakèt lafimen k ap soti nan izin yo.


akoz machin k ap ponpe lafimen.

dlo yo kòmanse anpwazonnen.


gen anpil forè ki kòmanse ap tounen dezè.


tanperati planèt la kòmanse ap vin pi cho.

si nou pa fè anyen pou sa sityasyon an ap vin pi rèd toujou.



anba chak desen w ap ekri sa li reprezante a






mwen renmen lavi.

mwen bezwen viv yon kote ki pwòp.

nou bezwen poteje anviwònman kote n ap viv la.

pa bliye kalite sante nou depann de kalite anviwònman kote nou rete a.



chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

cho mou

1- moun remake l ap fè pi.....
chak ane

kraze poteje

2- li nesesè pou nou.....
anviwònman kote n ap viv la

amoni ale

3- depi timoun yo tou piti fòk nou montre yo viv ann.....ak lanati



anpil pòblèm lòm genyen jounen jodi a soti nan jefò l ap fè pou l regle kèk lòt pòblèm.

nan fè jefò pou l pwodui plis manje akòz plis moun ki vin genyen sou planèt la, li sèvi ak ensèktisid, ak pestisid, ak angrè.

malerezman, lè li sèvi ak pwodui sa yo, l ap anpwazonnèn tè a, dlo sous yo epi l ap touye yon seri zwazo ak ensèk k ap rann lanati anpil sèvis.

akòz lòm ap fòse lanati pwodui plis manje pi vit, sa lakòz manje sa yo fè lòm devlope yon seri maladi ki konplike anpil.


nou bezwen travay pou nou mete yon bout nan modèl podiksyon agrikòl sa a.



ki jan nou kapab leve timoun yo pou yo rive respekte lanati?

ki kalite konkou nou ka bay pou nou poteje anviwònman?


ki sa nou wè ki ta dwe fèt pou nou fè zòn bò lakay nou vin pi fre?



ekri non 6 manje ou konn manje


- 1 _____
- 2 _____
- 3 _____
- 4 _____
- 5 _____
- 6 _____

Egzèsis # 34




2


madi




Gen anpil espès pwason anpil espès
zwazo ak anpil ensèk k ap disparèt



Gen anpil espès **pwason** anpil espès
zwazo ak anpil ensèk k ap disparèt




Gen anpil espès **pwason** anpil espès
zwazo ak anpil ensèk k ap disparèt



Bwakayiman
Chanbelan
Dondon

Filemon
Gari
Jozèf


Kiba
Ondiras
Ayiti



A a I i
E e È è
O o En en

Ò ò
On on
An an

Ou ou
Ui ui




Ayiti

Erik

Orijèn

Istwa



pi gwo poblèm anviwònman an genyen se poblèm polisyon.


sa lakòz anpil pyebwa mouri.

sa lakòz anpil espès zwazo disparèt .



sa lakòz anpil espès pwason mouri.

poblèm polisyon an atake tè k ap bay manje, lè n ap respire, dlo n ap bwè.

se pi plis moun ki kòmanse wè jan poblèm polisyon an gen anpil move konsekans sou tout sa k ap viv sou tè a.



anba chak desen w ap ekri sa li reprezante a.



chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

plastik fè

1- boutèy..... se danje pou anviwònman an.

kondisyon popilasyon

2- eta sante nou depann de..... anviwònman kote n ap viv la.

anpwazonnen pwòp

3- gen anpil bagay moun pwodui k apanviwònman an.



gen anpil pblèm lòm genyen ki soti nan divès jefò y ap fè pou yo fè kondisyon lavi moun vin miyò.

se vre, ann pran pblèm transpò a paregzanp

lontan, moun te konn pase yon pakèt tan pou yo soti yon kote pou y ale yon lòt kote.

kounye a, li pa nesesè pou moun fè yon semèn oubyen yon mwa ap vwayaje.

ou gen dwa ale an Chin oubyen nan nenpòt ki peyi ann Afrik nan kèk è d tan.

ou wè lalin w ap gade a, e byen lòm rive ale ladan l.

yo envante tren, machin, bato, avyon, motosiklèt, eksetera.

tout machin sa yo mache ak gaz e y ap ponpe lafimen.


lafimen sa yo ap anpwazonnen lè n ap respire a.

sitou pou pakèt machin sa yo m wè la a wi, sitou pou machin.




ki jan nou kapab òganize n pou n plante pyebwa nan zòn nan?

ki enpòtans sa genyen pou yon zòn gen anpil pyebwa?





14 lines for writing

Egzèsis # 35




3


mèkredi




paran yo dwe kontwòle kantite pitit y ap fè, pou timoun yo gen **plis** mwayen pou yo viv.



paran yo dwe kontwòle kantite pitit y ap fè, pou timoun yo gen **plis** mwayen pou yo viv.




paran yo dwe kontwòle kantite pitit y ap fè, pou timoun yo gen **plis** mwayen pou yo viv.



dwa
dwèt
dwòl

pwa
pwès
pwen


lwa
lwanj
lwaye



swen
swa
sware

twa
twalèt
sitwayen


mwen
mwayen
mwa



pwa
swa
twa

mwa
lwa
dwa


dwòl
pwen
mwen



dwèt
swen
sitwayen

pwès
mwa
twalèt

lwaye
sware
mwayen




rebwazman

sitwayen

lwaye

plwaye

esplwate




Iwa

mwayen

lwanj

swen



chak ane kantite moun sou tè a ap vin pi plis.

sa lakòz nou bezwen plis manje, plis rad, plis kay, plis mwayen transpò.

sa lakòz nou bezwen plis dlo ak plis enèji.

chak 20 ak 25 ane gen peyi kote nou wè kantite moun ki nan popilasyon an double


lè popilasyon yon peyi ap ogmante, sa ka bay peyi a gwo poblèm si byen yo ak sèvis yo pa ogmante an menm tan .

poblèm sosyal yo vin pi rèd.

poblèm sante yo vin pi plis.

poblèm ekonomik yo vin pi konplike.

nou kapab evite tout poblèm sa yo si nou rive kontwole pouvwa fè pitit nou.




Mari


Lwi

Jakmèl

Karayib



B	b	G	g	M	m	S	s
Ch	ch	J	j	N	n	T	t
D	d	K	k	P	p	V	v
F	f	L	l	R	r	Z	z



B	G	M	S
Ch	J	N	T
D	K	P	V
F	L	R	Z



nan chèche regle anpil pòblèm, lòm vin gen plis pòblèm toujou.

ann gade pòblèm enèji a.

wi, nou bezwen enèji pou nou kuit manje.

nou bezwen enèji pou nou fè aparèy elektwonik yo mache.

nou wè, lòm pa ka viv san enèji sa yo.

men, lè l ap sèvi ak yo, sa kreye anpil dechè.

dechè sa yo tounen pwazon k ap polye dlo yo, tè yo, lè a ak lòt pati nan anviwònman an.

kon sa, li enpòtan pou nou rive gen lòt abitud konsomasyon epi pou n chèche sèvi ak enèji ki p ap andomaje anviwònman an twòp.



ak ki kalite enèji nou abitye sèvi?

ki kalite travay ou konn fè ak enèji yo?



ekri non kat moun ou konnen

1 _____

2 _____

3 _____


4 _____

ekri non twa bèt ou konnen

1 _____


2 _____

3 _____




A series of ten horizontal lines spanning the width of the page, intended for writing. The lines are evenly spaced and extend from the left margin to the right margin.

Egzèsis # 36




4


jedi




se tout moun ki responsab gwo danje
k ap menase anviwònman an.



se tout moun ki responsab gwo danje
k ap menase anviwònman an.



se tout moun ki responsab gwo danje
k ap menase anviwònman an.




nou kapab poteje anviwònman bò lakay
nou.

nou ka plante anpil pyebwa.

nou ka mete fatra yo yon kote apa.

nou ka evite sèvi ak yon seri podui k ap
anpwazonnen anviwònman an.


nou kapab edike timoun yo pou yo
respekte lanati.



lwa
lwanj
lwen

twa
twòp
twal

pwazon
pwòp
poteje



anviwònman _____


anplwaye _____

mwatye _____

netwaye _____

twonpe _____

pwòpte _____



si pa gen yon anviwònman ki pwòp e ki rich nou p ap ka viv an sante.


nou p ap ka viv alèz.

nou pa dwe chita pou n ap gade jan anviwònman peyi a ap depafini.

nou kapab fè kichòy pou nou chanje sa.

nou dwe travay pou nou fè anviwònman peyi a vin gen yon pi bon aparans.


paske travay pou pwoteje anviwònman se travay pou pwoteje lavi w ak lavi tout moun ou renmen.



fwa
fwenn
fwi
fwenk

lwil
lwès
lalwèt
lwijanboje

swete
malswen
swif
paswa



chwazi youn nan twa mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

edike renmen travay
 1- se pou nou.....timoun yo pou yo aprann respekte lavi.




lanati deyò anvan
 2- se pou nou montre timoun yo renmen


mès abitud koutim
 3- se pou nou fè jefò pou nou chanje kèk move.....k ap ankouraje polisyon.

anyen dis zewo
 4- chak lè yon moun koupe yon pyebwa se pou li plante.....lòt pyebwa.




fanmi lekòl legliz
 5- se nan.....an figason an ak tifi a aprann renmen lanati.

anba chak desen w ap ekri sa li reprezante a.





anba chak desen w ap ekri sa li reprezante d




li enpòtan pou nou aprann viv ann
amoni youn ak lòt.

li enpòtan pou youn aprann viv an pè ak
lòt.

kon sa tou li enpòtan pou nou viv yon jan
pou nou pa domaje anviwònman an.

viv nan yon anviwònman ki pwòp e ki
rich, se pi bon garanti nou genyen pou
nou viv pi lontan.



ekri non kat manje ou konn manje

1 _____

2 _____

3 _____

4 _____



ki sa nou ka fè pou nou aprann timoun yo renmen lanati?

ki pi bon fason nou ka aprann timoun yo poteje anviwònman an?




1

lendi

Egzèsis # 37

Aktivite atis nan peyi d Ayiti



pèp ayisyen se pèp ki renmen danse

nou danse anba peristil

nou danse nan legliz

nou danse nan tout plèn ak nan tout
mòn

nou danse sou beton an


nou danse nan tout salon

nou danse nan chanm nou


nou danse pou kont nou

nou danse ak pwochen nou


nou renmen danse




pèp ayisyen se pèp ki renmen danse
nou danse anba peristil
nou danse nan legliz
nou danse nan tout plèn ak nan tout
mòn
nou danse sou beton an
nou danse nan tout salon
nou danse nan chanm nou.
nou danse pou kont nou
nou danse ak pwochen nou
nou renmen danse



dlo renmen danse ak wòch nan tout
rivyè
dlo renmen danse ak dife nan chodyè
pou l pote chanjman
dlo renmen jwe ak chalè nan lè a pou l
bay lapli




nan kanaval madigra mele ak bon mas
yo pran Channmas pou yo
yo pran beton an pou yo danse
gen madigra ki sanble ak djab
gen lòt madigra ki pòtre ak zanj
nan kanaval madigra mele ak bon mas



madigra
dyab
dlo

pyafe
danse
chante

renmen
anbrase
bliye



Chwazi youn nan 3 mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

renmen danse mwen
1- Depi tanbou bat se pou nou


leve.....

pito chante pèp

2- Timoun lakay.....tankou wosiyòl

renmen danse ayisyen

3- Pi fò.....renmen danse.



kò moun bezwen repo ak detant.


anpil fwa fòk lespri a rete trankil.

fòk lespri a sispann reflechi ak kalkile.

se pa poblèm travay ak move moman ki gen nan lavi a sèlman.

se sa k fè pou yon moun santi l byen fòk li viv yon vi ki pa chita sou yon sèl seri akti-vite.

viv yon vi itil ak yon vi agreyab.




djòb

grandi

pyès

pyas

anbyans




nan peyi d Ayiti se la k gen kanaval
madigra mele ak bon mas
yon foul moun desann Chanmas pou
y al fete.

nan twa jou sa yo
nou danse
nou chante
se kanaval




èske w konn al nan kanaval?
èske w konn fè zak vyolans nan kanaval?
ki jan w konprann koze vyolans lan nan
kanaval la?

Egzèsis # 38



2


madi




Pèp ayisyen se yon pèp sanba
Nou renmen fè teyat
Nou renmen fè tablo
Nou renmen fè pwezi
Nou renmen fè mizik
Nou renmen danse



Pèp ayisyen se yon pèp sanba
Nou renmen fè teyat
Nou renmen fè tablo
Nou renmen fè pwezi
Nou renmen fè mizik
Nou renmen danse




Ann Ayiti gen plizyè kalite dans.
 Chak dans gen rit pa yo.
 Pi fò dans fòklò nou yo soti ann Afrik.





enstriman
 flit
 graj
 tchatcha


tanbou
 gita
 gong
 senbal

twonpèt
 bas
 saksofòn
 bandjo



Ekri non enstriman an anba desen an






Tanbou se enstriman mizik ki pi popilè nan peyi d Ayiti.

Depi tanbou bat Ayisyen leve danse.

Ayisyen mete tanbou nan tout mizik l ap fè.

Se tanbou ki kòmande nan tout dans popilè nan peyi a.




Ekri non enstriman mizik ou pi renmen an.

.....




Ekri non atis ayisyen ou pi renmen an.

.....




Ekri non gwoup mizik ou pi renmen an.

.....



Ekri non yon chantè ou konnen.

.....



Ayisyen gen anpil dans fòklò.

Nou gen anpil dans modèn tou.


Pi fò dans fòklò nou yo soti anm Afrik.

Gen Dawome, Ibo, Kongo, Yanvalou, Djoumba, Mayi, Petwo, Konpa.

Nou jwenn lòt kalite dans tou .


Bolewo, Siyepye, Twoubadou, Grenn Siwèl.

Nou danse lòt kalite dans tankou Tchatchatcha, Balè, Salsa, Merenge.



Twoubadou	Ibo	Yanvalou
Salsa	Balè	Merenge
Siyepye	Kongo	Dawome

Rasin	Rap	Fòklò
Konpa	Rara	Siwèl
Djaz	Banda	Nouvèl jenerasyon




Anakawona se yon rèn sanba.

Anakawona se yon fanm endyèn ki te renmen chante.

Anakawona te konn fè bèl pwezi.

Anakawona se yon fanm ki te renmen mari l anpil.

Anakawona te renmen pèp li ak peyi l anpil.



Chwazi youn nan 3 mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

plizyè travay chans

1- Gen anpil moun ki pa renmen.....

danse dòmi kreyon

2- Pi fò ayisyen renmen.....

kriye blese fete

3- Timoun renmen jwe, granmoun

renmen.....

fòklò modèn salsa

4- Pi fò dans.....nou yo sofi ann Afrik.

flach mango bandjo

5- Mwen renmen jwe.....



Mwen renmen danse dans peyi m.

Lè w tande m ap danse dans sa yo,
mwen santi m byen.

Se vre, dans fòklò nou yo fèt pou sa.

Se depi ann Afrik nou soti avè yo.

Se sa k fè ou ka wè non dans sa yo yon
jan sonnen dwòl.

Nou jwenn : Nago, Petwo, Ibo, Rada,
Dawome, Banda, Yanvalou, Mandeng,
eksetera.

Gen anpil bagay nou gen nan kilti nou se
ann Afrik nou soti avè yo.




Ki sa Afrik la ye?

Pou ki sa yo di pi fò dans nou yo soti ann
Afrik?


Ki aktivite atis nou pi renmen?

Egzèsis # 39




3

mèkredi




Nou gen anpil gwo bal popilè nan peyi d Ayiti.



Nou gen anpil bal popilè nan peyi d Ayiti.

Gen bal popilè nan vil yo.


Gen bal popilè andeyò.



Premye gwo bal popilè ki louvri lane a se Kanaval.

Nan epòk karèm nou jwenn Rara.

Pandan tout lane a se fèt chanpèt tout kote nan peyi a.




Nou danse nan legliz

.....

Nou danse tout kote

.....



Nan epòk karèm nou jwenn rara.


Lè kon sa tanbou ak tchatcha fè yon sèl .

Timoun kou granmoun tonbe danse nan tout mòn, nan tout plenn, anba tout lapli.

Epòk rara se epòk anpil Ayisyen renmen.

Menm jan ayisyen pa negosye afè kanaval yo.

Wè pa wè y ap danse kanmenm.



Chwazi youn nan twa mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

rara kanaval dans

1- Epòk karèm makònen ak epòk.....

vaksin vyolon gita


2- Nan rara se bèl kout tanbou ak bèl kout.....

lavil andeyò lòtbò

3- Ann Ayiti yo plis danse rara.....

Leyogàn Pòtoprens jakmèl

4- Nan.....toujou gen defile bann rara.




Dans nou yo fè valè peyi a.

Twoup dans nou yo danse dans fòklò nou yo kòmsadwa.

Anpil nan dans fòklò nou yo mache ak lwa vodou.

Anpil nan dans fòklò nou yo soti ann Afrik.

Nou gen san afriken nan venn nou.




Ekri non twa peyi etranje ou konnen

1 _____

2 _____

3 _____




Ekri non twa enstriman mizik ou konnen.

1 _____

2 _____

3 _____




Ekri non twa koulè ou renmen.

1 _____

2 _____

3 _____



Chak moun pran plezi yo jan yo vle.
Chak moun pran plezi yo jan yo kapab.
Chak moun pran plezi yo lè yo kapab.
Chak moun pran plezi yo nan sa yo renmen.


Nou bezwen travay men nou bezwen pran plezi nou tou.

Lè nou travay twòp se pou nou pran repo.

Lè nou gen anpil tèt chaje, fòk nou distrè nou.

Sa ap bon pou sante mantal nou.

Sa ap fè nou travay pi byen.



Espò, distraksyon ak jwèt se aktivite ki ede moun pase bon moman.

Gen moun se lè yo legliz yo gen kè kontan.

Gen moun ki pa viv san ti bal yo.

Gen lòt ki pa viv si yo pa pran ti beny lanmè yo.

Nou pa manke distraksyon nan peyi d Ayiti.

Nou chaje ak tout kalite bon anbyans.

Mwen renmen peyi m.


Mwen kontan viv nan peyi m.



Ki kalite distraksyon ou renmen?

Ki kalite distraksyon ou konn pran?

Pou ki sa li enpòtan pou yon moun pran ti detant tanzantan?



degizman

madigra


rara

distraksyon

plezi


detant

Egzèsis # 40




4


jedi



Nou menm ayisyen nou se yon pèp ki renmen danse.
Nou se yon pèp ki renmen chante.
Nou se yon pèp ki renmen fè aktivite atis.
Nou se yon pèp atis.
Nou se yon pèp sanba.




Nou se yon pèp ki renmen ri.
Nou se yon pèp ki renmen moun.
Nou se yon pèp ki renmen lavi.



bal
anbyans
zanmi

zanmitay
kè kontan
pataj

plezi
bonè
lavi




Ekri chak mo sou liy yo :

zanmi

bal

lavi

plezi




N ap fè plis lekòl dans nan peyi a.

Dans nou yo fè valè peyi a.

Twoup dans nou yo danse dans tradisyonèl yo kòmsadwa.


Twoup dans ayisyen premye nan anpil konkou dans entènasyonal.



djòb
djaz
djip

dyòl
dyaz
dip

pyès
pye
pyon




Bat men ankouraje chen

Nou tout se moun

Mwen pa gripe fasil

Nou renmen Ayiti anpil

N ap travay pou peyi a chanje



Nou menm ayisyen nou grandi nan yon peyi kote moun renmen viv, kote moun renmen ri.

Nou leve nan yon peyi sanba.

Alfabetizasyon enpòtan anpil pou nou ayisyen.


Nou kapab konsève tout sa n genyen kòm richès.

Pou nou konsève tout sa n genyen kòm konesans se pou tout moun konn li ak ekri.




Timoun bò lakay konn danse.
Yo gen yon jan yo vire bra yo.
Yo gen yon jan yo jwe ak pye yo.
Yo gen yon jan pou yo souke kò yo.
Se kanpe gade.

Timoun yo renmen danse anpil.



kwaze le uit	bal kat	konpa
kontredans	siyepye	disko
matinik	anba tonèl	salsa



glas _____
anbyans _____
chanjman _____
kominote _____
popilè _____



Ou konn yon bagay

Sa l ye ?

Mwen renmen peyi d Ayiti anpil.

Pou ki sa w renmen Ayiti tout renmen sa a ?

Mwen renmen Ayiti paske ann Ayiti li pa janm fè frèt, solèy leve la chak jou. Gen anpil anbyans, gen anpil bèl plaj. Se yon peyi kote moun toujou ap ri.

Se vre ou gen rezon.

Nou se yon pèp sanba, nou se yon pèp atis.

Nou gen yon kilti ki rich anpil, nou renmen kilti peyi nou e nou respekte kilti lòt pèp.

Nou se ayisyen, nou renmen Ayiti.



Ki jan fè nou gen tout atis sa yo nan peyi d Ayiti?

Ki jan fè nou gen kapasite pou n fè tout aktivite atis sa yo san nou pa pase nan ankenn lekòl pou sa?

Pou ki sa nou bezwen lekòl dans, lekòl chan, lekòl mizik, lekòl penti, eksetera ?



Ekri chak mo sou liy yo.

1-) lavi

2-) danse

3-) chante

4-) ankouraje

5-) atis


Egzèsis # 41

1


Aktivite atis nan peyi d Ayiti




lendi




Pi fò atis ayisyen fè penti natirèlman.
Yo pa aprann fè penti ankenn kote.




Pi fò atis ayisyen fè penti natirèlman.
Yo pa aprann fè penti ankenn kote.



Nan kominote kote n ap viv la, n ap
travay pou n fè tout moun jwi dwa yo
genyen pou yo viv lib.




Nan kominote kote n ap viv la, n ap travay pou n fè tout moun elimine divès prejije ak diskriminasyon ki nan mitan nou.



kreyòl
kreyon
kriye

kle
klas
klere


kwi
kwa
kwayans



diskriminasyon
klòch
klè

brach
brav
bwat


bwè
bweson
bwòdè








Kreyòl
klere
kwa

kriye
klas
kwayans

kle
kreyon
kwi



Anba chak desen, w ap ekri sa li reprezante



Nou konnen tout ayisyen pale kreyòl san yo pa aprann pale kreyòl lekòl.

Kon sa, pi fò atis pent ayisyen fè penti san yo pa aprann fè bèl tablo ankenn kote.

Nou menm granmoun ayisyen, nou aprann fè anpil bagay san nou pa aprann fè sa ankenn kote.

Nou konpoze anpil bèl chante.


Nou gen anpil povèb.

Nou konn anpil bèl istwa.

Nou fè anpil bèl pwezi.

Nou konn fè anpil lòt bagay toujou san nou pa aprann yo, san nou pa pase lekòl.


Menm lè nou potko konn li ak ekri, nou gen tan gen anpil eksperyans ak konesans.



konnen
ayisyen
kreyòl

aprann
lekòl
konpoze

istwa
pwezi
eksperyans



Chwazi youn nan 3 mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.


tablo chokola krèm
1- Atis pent ayisyen konn fè bèl.....

angle kreyòl panyòl
2- Tout ayisyen pale.....




chwal chwazi chwèt
3- Granpapa m te konn monte.....
byen.

lekòl lokal lakòl
4- Nou bezwen anpil..... kote
pou n aprann devlope tout kalite
konesans ak eksperyans.

kilti kalite kòlte
5- Ayisyen renmen..... peyi a
anpil.



Anba chak desen, w ap ekri sa li reprezantan a.



Lè yon moun gen bon jan, ou tankou yon limyè, ou te mèt tou piti men ou plen kay la.

Nou menm ayisyen nou se yon pèp ki gen bon jan, se sa k fè fòs tout sa nou genyen kòm kilti, kòm koutim ak tradisyon.




Konbyen atis pent ayisyen ou konnen?

Ki kalite aktivite atis ou konn fè?

Ki kalite aktivite atis ou ta renmen fè?

Egzèsis # 42




2


madi




Se tout moun nan monn nan k ap bat
bravo pou travay atis ayisyen yo fè.



Se tout kote nan monn nan y' ap bat
bravo pou travay atis ayisyen yo fè.



Se tout moun ki apresye travay atis
ayisyen yo.




Atis pent ayisyen yo konn fè bèl tablo.

Twoup dans ayisyen yo gen premye pri nan anpil gwo konkou dans k ap fèt nan monn nan.

Eskiltè nou yo fè anpil bèl travay ak bwa ak wòch.

Tout moun konnen jan peyi d Ayiti se kote ki bay anpil mizisyen.


Yo apresye mizik peyi d Ayiti anpil.






tablo
pwezi
danse


kriye
bwòs
bwòdè

valiz
sandal
desen



Anba chak desen, w ap ekri sa li reprezante a.






kreyòl
klè
trankil

travay
aktivite
galri

mize
espektak
espozisyon




Atis pent nou yo chwazi tout kalite sijè,
tout kalite sèn pou yo fè tablo.

Yo penn divès mache nan peyi a.

Yo penn divès kalite peyizaj peyi a.

Yo fè pòtre anpil moun.


Yo espoze tablo gwo pent ayisyen yo nan
tout mize, nan iout galri ki genyen nan
monn nan.



Anpil moun kwè aktivite atis la se gason
ki fè l sèlman.

Men nou konnen nou gen anpil fanm
nan peyi d Ayiti ki pent, ki eskiltè, ki
chantè, ki konn danse eksetera.


Nou gen anpil gwo atis fi ak atis gason
nan peyi a.



kwòk
kwochè
kolaj

dekorasyon
twal
kad

enstriman
mizik
kilti



Chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

brav kapon

1- Yo di Kapwa Lamò se yon moun ki teanpil.

lanati bri

2- Atis se moun ki toujou renmen.....

kilti klè

3- Anpil ayisyen bay.....peyi d Ayiti anpil valè.

mize remiz




4- Yo espoze travay atis ayisyen yo nanki nan anpil peyi etranje.

Egzèsis # 43

Aktivite atis nan peyi d Ayiti


3.

mèkredi




Jak renmen mennen madanm li nan bal.
Chak ane Jak te konn peye 20 goud pou
yo de.

Ane sa a Jak pa ka al danse ak madanm li
paske yo mete 10 goud sou kòb bal la.



Jak bezwen plis kòb pou l al nan bal ak
madanm li ane sa a.




Jak te konn depanse 20 goud kounye a li
depanse 30 goud..




M ap konte depi 1 rive nan 99.


0	1	2	3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26	27	28	29
30	31	32	33	34	35	36	37	38	39
40	41	42	43	44	45	46	47	48	49
50	51	52	53	54	55	56	57	58	59
60	61	62	63	64	65	66	67	68	69
70	71	72	73	74	75	76	77	78	79
80	81	82	83	84	85	86	87	88	89
90	91	92	93	94	95	96	97	98	99.



Chak ane ki pase, mwen gen plis laj, mwen vin gen plis esperyans.




Manman m gen 2 pitit fi ak 3 pitit gason papa m fè 5 pitit ak manman m.







Mete chif ki manke a.


- 1) Mwen gen.....dwèt nan chak men.
- 2) Mwen gen.....men ak.....pye.
- 3) Mwen gen.....zòtèy nan chak pye.
- 4) Mwen gen.....zòtèy.



+ plis

= egal





- 1) Mwen te konn achte yon mamit diri 5 goud. yo mete 2 goud sou li. Mwen bezwen.....goud pou m achte mamit diri a.
- 2) Manman m ban mwen 5 mango epi papa m ban mwen 3 mango. Mwen pral manje.....mango.
- 3) Manman Jozèf gen 3 pitit fi ak 2 pitit gason
manman Jozèf gen.....pitit.



Li vin pi difisil pou atis pent nou yo travay. Yo oblije vann travay yo fè pi chè akòz lavi chè a ki vin di pou tout moun. Akòz materyèl y ap itilize yo k ap vann tèt nèg.

Pi fò moun ki renmen travay atis yo pa gen mwayen pou yo achte bèl zèv sa yo. Men, nou p ap neglije fè atis nou yo konpliman pou n ka ankouraje yo.



Ki jan nou kapab ankouraje atis ayisyen yo?

Ki jan nou kapab ankouraje timoun yo fè kèk aktivite atis tankou: chante, danse, fè teyat, fè penti eks...?


Egzèsis # 44

Aktivite atis nan peyi d Ayiti




4.


jedi



Atis ayisyen yo se pi bon anbasadè Ayiti genyen.




Atis nou yo fè penti sou twal.
yo fè penti sou bwa.
yo fè penti sou tòl.



klòch
klas
klou


bwote
bwòdè
bwete

jwisè
jwèt
jwen




Ekri chif ki manke pou w konplete fraz yo.

- 1) Gen.....mwa nan yon ane.
- 2) Mwa desanm gen.....jou.
- 3) Nou gen.....zòrèy pou nou tande.
- 4) Manman pote pitit li pandan.....mwa.





- | | | | |
|----|---------|----|-------------|
| 10 | dis | 60 | swasant |
| 20 | ven | 70 | swasanndis |
| 30 | trant | 80 | katreven |
| 40 | karant | 90 | katrevendis |
| 50 | senkant | | |





Ekri non chif yo bò kote yo chak.


30.....	80.....
10.....	20.....



12 ze + 12 ze = 24 ze




6 zepi mayi + 6 zepi mayi = 12 zepi mayi.




Ekri chif rezilta a apre egal la.
 Nou gen 5 goud, nou met 3 goud sou li,
 sa fè nou konbyen ?

5 goud + 3 goud =goud.



Ekri adisyon sa yo an chif.

Twa + kat = sèt
 + =
 Senk + en = sis
 + =
 Twa + sèt = dis
 + =



$\begin{array}{r} 4 \\ + 3 \\ \hline 7 \end{array}$	$\begin{array}{r} 2 \\ + 3 \\ \hline 5 \end{array}$	$\begin{array}{r} 2 \\ + 5 \\ \hline 7 \end{array}$	$\begin{array}{r} 1 \\ + 8 \\ \hline 9 \end{array}$
---	---	---	---



Atis nou yo manke ankadreman.
Anpil fwa se bò lari atis yo espoze travay yo fè. Tout moun kapab admire yo, men se domaj, paske pi fò moun k ap gade travay sa yo pa konnen ni valè yo, ni bèlte yo.

Ou menm k ap patisipe nan pogram nan, ou ka yon gwo atis pent san w pa menm konn sa.


Se pou w chèche fè ladrès ak men w.
Ankouraje moun k ap viv bò kote w fè sa, tankou pitit ou.



Ki kalte atis ou ta renmen ye ?

Ki kalte atis ou ta renmen pitit ou ye ?

Ki jan w kapab ankouraje pitit ou pou l vin yon gwo atis ?.



$$\begin{array}{r} 3 \\ + 4 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 3 \\ + 2 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 5 \\ + 2 \\ \hline \end{array}$$


.....

$$\begin{array}{r} 8 \\ + 1 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 4 \\ + 5 \\ \hline \end{array}$$

.....



$4 + 2 =$


$6 + 3 =$

$2 + 7 =$


$2 + 4 =$

$3 + 6 =$


$7 + 2 =$



A series of horizontal lines for writing, consisting of 18 parallel lines spaced evenly down the page.



5
vandredi




Egzèsis # 45


Konesans granmoun Ayisyen yo genyen

1


lendi



Pèp ayisyen se yon pèp ki entèlijan anpil.
Granmoun ayisyen gen anpil gwo
esperyans lavi.
Granmoun ayisyen gen anpil konesans
menm lè anpil nan yo potko konn li ak ekri.




Nou menm granmoun, nou konn anpil
bagay.
Nou konn fè diskou nan seremoni tankou
fiyansay, maryaj, antèman.
Nou konpoze bèl chante.
Nou konn koud.
Nou konn kondui machin.
Nou mennen batiman.
Nou fè komès.
Nou leve pitit nou.




gwo
gwòs
tigwav

gwòg
gwosi
nwa

nwèl
nwi
nwaye



Nan 1 gen yon inite
Nan 5 gen senk inite
Nan 10 gen yon dizèn
Nan 12 gen yon dizèn ak de inite
Nan 23 gen de dizèn ak twa inite



Chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

kalkil

espò

1-Moun k ap fè komès oblije fè anpil.....

povèb

fraz

2-Granmoun yo konn anpil bon.....

esperyans


plezi

3-Nou gen gwo.....lavi kòm granmoun


bebe

granmoun

4-Timoun se timoun.....se granmoun




Mwen gen vennsenk goud epi yon zanmi
 ban m swasant goud. Kounye a mwen
 genyen katrevsenk goud.
 $25 \text{ goud} + 60 \text{ goud} = 85 \text{ goud}.$



Mwen ka fè kalkil la kon sa.

$$\begin{array}{r} 25 \text{ goud} \\ +60 \text{ goud} \\ \hline 85 \text{ goud} \end{array}$$


Kon sa mwen mete inite anba inite epi
 mwen mete dizèn anba dizèn.



$$\begin{array}{r} 25 \\ +32 \\ \hline 57 \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 22 \\ +46 \\ \hline 68 \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 55 \\ +13 \\ \hline 68 \end{array}$$



Ekri rezilta yo anba tras la.

$$\begin{array}{r} 31 \\ +26 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 53 \\ +41 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 51 \\ +18 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 10 \\ +66 \\ \hline \end{array}$$



Tout sa ki fèt gen pou l grandi apre pou l mouri.

Tout moun k ap viv pase divès etap nan lavi l. Li pase nèt mwa kon sa nan vant.

Li pase estad tibebe ak estad timoun.

Li pase estad jèn moun ak estad granmoun.

Li pran estad vye granmoun apre li mouri.


Se kon sa sa ye pou tout moun.

Etap granmoun nan se yo estad ki enpòtan pou yon moun, se nan etap sa a li ranmase plis konesans ak esperyans nan lavi.



Pou ki sa yo mande pou yo respekte ni timoun ni granmoun ?

Pou ki rezon yo di timoun se timoun granmoun se granmoun ?.




Ekri non chif ou wè yo bò kote yo.

10..... 13.....

15..... 21.....


Egzèsis # 46

Konesans granmoun Ayisyen yo genyen




2


madi



Gen granmoun ki pa konn li ak ekri men
pa gen granmoun ki sòt.
Tout moun gen yon bagay yo konn fè.
Tout moun gen yon travay yo konn fè.




Men kèk pawòl sajès nou tout konnen.
Zòrèy pa long pase kò.
Si w konn kouri fòk ou konn kache.
Yon sèl dwèt pa manje kalalou.



pozisyon
sansasyon
sye
mesye

syèl
kekasyon
presyon
mision

lafwa
fwèt
frechè
frajil



Chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.
 mòn pyebwa

1-Dèyè.....gen mòn

chodyè kiyè

2-Moun pa jete vye chodyè pou


.....nèf.

bouyi dlo


3-Jou fèy tonbe nan.....se pa jou a li pouri.

kat senk


4-.....je kontre, manti kaba.



$\begin{array}{r} 21 \\ +32 \\ \hline 53 \end{array}$	$\begin{array}{r} 24 \\ +35 \\ \hline 59 \end{array}$	$\begin{array}{r} 25 \\ +14 \\ \hline 39 \end{array}$	$\begin{array}{r} 25 \\ +24 \\ \hline 49 \end{array}$
---	---	---	---




$\begin{array}{r} 26 \\ +21 \\ \hline 47 \end{array}$	$\begin{array}{r} 12 \\ +21 \\ \hline 33 \end{array}$	$\begin{array}{r} 32 \\ +23 \\ \hline 55 \end{array}$
---	---	---



1) M ap fè yon fèt, gen 6 moun ki parèt anvan, apre sa gen 7 moun ki vini lè fèt la pral fini. Konbyen moun ki te nan fèt la antou?

Nan fèt la te gen:


$$6 \text{ moun} + 7 \text{ moun} = \dots\dots\dots$$



Mwen gen 15 jou depi m pa wè pitit mwen yo epi m pase 23 jou ankò san m pa wè yo. Sa fè konbyen jou depi m pa wè pitit mwen yo?

$$15 \text{ jou} + 23 \text{ jou} = \dots\dots\dots$$

Mwen gen.....jou depi m pa wè timoun mwen yo.



fanm


Pi fò moun ki nan peyi a se fanm yo ye. Se medam yo ki reskonsab pi fò fanmi ki nan peyi a.

Yo fè tout kalte travay.

Yo fè komès, yo fè lekòl, yo fè kouti.

yo fè kilti latè, yo fè gadinaj, yo dirije gwo biznis, yo okipe plas kote y ap pran gwo desizyon.

Se fanm ki fè levasyon pi fò timoun yo, nou mete chapo ba devan fanm nan peyi d Ayiti.



Mete chif ki manke pou w konplete fraz yo.

Gen.....mwa nan yon lane

Gen.....jou nan yon semèn

Gen.....jou oubyen.....jou nan yon mwa.


Genjou nan yon ane




Ki kote ou sèvi ak chif nan lavi pa w ?

Ki jan w wè egzèsis kalkil yo ap ede w nan lavi w ?

Èske medam yo ap jwe yon gwo wòl nan lavi peyi a ?.




A series of 15 horizontal lines for writing, arranged in a single column on the right side of the page.



Egzèsis # 47

Konesans granmoun Ayisyen yo genyen
3

mèkredi




Nou menm granmoun gason ak granmoun
fi nou gen tan aprann plis konesans, plis
bon lide ak plis ladrès ki pral itil nou pou
nou gen yon pi bon kondisyon lavi.




N ap travay ansanm pou sa chanje.
N ap travay ansanm pou kondisyon lavi nou
vin miyò.
N ap travay ansanm pou lavi nan kominote
a vin pi bèl.
Men anpil chay pa lou.



Ti patat fè chay.
Bay piti pa chich.
Kat je kontre manti kaba.
De tèt de lide, kat tèt kat lide.
Lè je pran kou, nen kouri dlo.



Si w pa pè genyen, fòk ou pa pè pèdi nonplis. Lè w ap fè komès ou kapab fè benefis men w kapab fè pèt tou.




vwa	nwèl	prekosyon	blag
vwayaj	antonwa	fwote	dlo
vwayèl	gwo	blòk	klere



Mwen gen yon sèl pantalon, vòlè pase li vòlè l, konbyen pantalon mwen rete ?

$$1 \text{ mwens } 1 = \text{zewo}$$

$$1 - 1 = 0$$




Mwen gen de chemiz, yon zanmi pase li pran youn ladan yo.

Kounye a mwen pa gen de chemiz ankò. Mwen te gen de chemiz yo pran youn, mwen rete yon sèl.

$$2 \text{ mwens } 1 = 1$$

$$2 - 1 = 1$$



Mete chif rezilta a anba tras la

- 1) Mwen gen 10 goud, mwen bay manman m 7 goud, mwen rete 3 goud.
 $10 \text{ goud} - 7 \text{ goud} = 3 \text{ goud}$


$$\begin{array}{r} 10 \text{ goud} \\ - 7 \text{ goud} \\ \hline \text{..... goud} \end{array}$$

- 2) Mwen gen 25 poul, mwen vann 13 poul, mwen rete 12 poul.

$$\begin{array}{r} 25 \text{ poul} \\ - 13 \text{ poul} \\ \hline \text{..... poul} \end{array}$$

- 3) Mwen gen 75 goud, m achte yon ti chèz pay pou 30 goud, mwen rete 45 goud.

$$\begin{array}{r} 75 \text{ goud} \\ - 30 \text{ goud} \\ \hline \text{..... goud} \end{array}$$



Fè egzèsis adisyon ak egzèsis soustrasyon sa yo.

$$\begin{array}{r} 78 \\ +21 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 29 \\ +43 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 92 \\ -21 \\ \hline \end{array}$$

.....

.....

.....

$$\begin{array}{r} 51 \\ -20 \\ \hline \end{array}$$


$$\begin{array}{r} 5 \\ -4 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 97 \\ -24 \\ \hline \end{array}$$

.....

.....

.....



Nou gen senk dwèt, men yo tout pa gen menm longè ak menm gwosè.

Se menm jan , nou jwenn tout kalte moun nan sosyete a.

Gen moun ki rich, gen sa ki pòv.

Gen moun ki gwo ekriyen, genyen ki pa konn a nan fèy malanga.

Gen peyizan, gen avoka, gen politisyen, gen moun legliz.


Gen tout kalte moun nan sosyete a e yo tout endispansab.

Paske, fòk gen moun k ap fè travay ak men yo e fòk gen lòt k ap travay ak tèt yo.

Pa gen moun ki sòt, pa gen moun ki pa itil e pa gen moun ki pa konn fè kichòy.



Ki sa w ta renmen fè pou w ede
kominote kote w ap viv la ?
Ki kalte òganizasyon ou ta renmen
mete nan kominote a ?



- 1) Mwen gen 85 goud, mwen bay
manman m 30 goud mwen rete 55
goud:

$$85 \text{ goud} - 30 \text{ goud} = \dots\dots\dots$$

- 2) Papa m bay gran frè m nan 8 mango,
li bay ti sè m nan 5 mango epi li ban
mwen 7 mango. antou papa m bay:

$$8 + 5 + 7 = \dots\dots\dots \text{mango.}$$



$$\begin{array}{r} 8 \\ 5 \\ + 7 \\ \hline \dots\dots\dots \end{array}$$

Egzèsis # 48


Konesans granmoun Ayisyen yo genyen

4


jedi




Pèp Ayisyen se yon pèp ki konn sa yo rele batay pou chanjman.
Zansèt nou yo te batay anpil pou yo te ban nou bout tè sa a kòm peyi.
Pèp Ayisyen batay anpil pou l fè demokrasi blayi nan peyi d Ayiti.



Men sa nou konnen:
Timoun jodi granmoun demen.
Tande ak wè se de.
Pa bliye premye lapli ki fè jaden an grandi.



Lè n ap pale, nou toujou ap poze tèt nou anpil keksyon.
pou ki sa nou patko konn li ak ekri ?
pou ki sa peyi a gen tout poblèm sa yo ?
ki sa nou ka fè pou n fè lavi a vin miyò ?



Ekri rezilta yo anba tras la.

$$\begin{array}{r} 10 \\ + 8 \\ \hline \end{array}$$


$$\begin{array}{r} 27 \\ + 12 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 18 \\ + 3 \\ \hline \end{array}$$

.....

.....

.....



$$\begin{array}{r} 3 \\ - 1 \\ \hline \end{array}$$


$$\begin{array}{r} 17 \\ - 6 \\ \hline \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 77 \\ - 15 \\ \hline \end{array}$$






.....


.....

.....



anba chak desen, w ap ekri sa li reprezante





Chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

òganizasyon reyinyon

1-.....se pi gwo zouti chanjman.

deside

chita

2-Nou.....goumen pou nou poteje anviwònman peyi d Ayiti.

reflechi


danse

3-Se timoun ki aji san yo pa.....

drapo

rivyè

4-Ble ak wouj se koulè..... peyi d Ayiti.



Netwayaj

kreyòl

byennere

Vwal


klan

lajwa

Syèl

kwayans

ekriven



N ap konte pa 2 rive 20


2 - 4 - 6 - 8 - 10 - 12 - 14 - 16 - 18 - 20

N ap konte pa 5 rive 50

5 - 10 - 15 - 20 - 25 - 30 - 35 - 40 - 45 - 50

N ap konte pa 10 rive 100

10 - 20 - 30 - 40 - 50 - 60 - 70 - 80 - 90 - 100



Ekri repons keksyon sa yo
ki jan w rele ?

.....

Ki jan yo rele peyi a ?

.....

ki sa w pi renmen manje ?


.....

Pou ki sa ou chwazi aprann li ak ekri?

.....

.....

.....



Gade syèl la non. Epi konte zetwal yo si w kapab konte yo.

Ki moun ki kapab konte grenn sab bò lanmè ?
Sa moun pa konnen toujou pi gran pase sa yo konnen.

Pa gen yon moun ki konn tout bagay.

Pa gen pèsonn ki pa konn anyen.



Èske w konnen kèk bagay nan istwa peyi a ?
Èske w konn ki jan peyi a te rele anvan 1804 ?


Egzèsis # 49




1

Ayiti


lendi



Ayiti peyi solèy
Ayiti peyi ki chaje ak bèl mèvèy
Ayiti peyi kote moun renmen lavi
Ayiti peyi kote moun renmen ri
Ayiti peyi kote lonbrik nou antere.




Depi 1804 ti bout tè sa a rele pèp ayisyen
chèmèt chèmètrès.
Pèp Ayisyen deklare
Tout Ayisyen dwe jwenn lavi
Tout Ayisyen dwe viv lib
Tout Ayisyen dwe viv alèz
Tout Ayisyen se frè ak sè.



repiblik
konstitisyon
dwa

fratènite
frè
flanbo


gonfle
flè
anflèch



Lè n ap gade nan yon almanak nou wè yon ane pote 12 mwa, sa vle di li pote 365 jou. Gen mwa avril, mwa jen, mwa sektanm ak mwa novanm ki pote 30 jou. Epi gen sèt mwa ki pote 31 jou, se: janvye, mas, me, jiyè, out, oktòb ak desanm.

Mwa fevriye se yon mwa ki apa. Li pote 28 jou, men chak kat lane li pote 29 jou. Nan almanak nou wè tou yon seri jou ki ekri yon lòt koulè, se jou fèt yo ak jou dimanch yo.
Ann gade kalandriye mwa jen 2000 la.

Jen 2000						
dimanch	lendi	madi	mèkredi	jedi	vandredi	samdi
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30	



1) Ekri non kat vil peyi d Ayiti

.....

2) Ekri non yon prezidan peyi d Ayiti

.....

3) Ekri non zòn kote ou rete a

.....


4) Ekri non sèt jou ki gen nan semèn nan.

1..... 5.....

2..... 6.....

3..... 7.....

4.....




Nou gen 4 lo ze ki gen 3 ze.
 konbyen ze nou genyen antou ?


Nou gen $3 + 3 + 3 + 3 = 12$ ze.

Nou ap pran chemen dekoupe pou nou kontwole ze yo.

Nou ap fè yon miltiplikasyon.



Papa m sot nan jaden li pote 5 mango pou chak pitit li yo, e li gen 4 timoun. konbyen mango papa m te pote antou?. Papa m pote 4 fwa 5 mango = 20 mango.



Ekri rezilta yo anba tras la

$$\begin{array}{r} 4 \\ \times 2 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 6 \\ \times 5 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 2 \\ \times 2 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 13 \\ \times 2 \\ \hline \end{array}$$


.....

$$\begin{array}{r} 11 \\ \times 3 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 22 \\ \times 4 \\ \hline \end{array}$$

.....



Chwazi youn nan de mo ou pral jwenn yo pou w konplete fraz yo.

Dominiken

Ameriken

1-Se pèp Ayisyen ak pèp.....
k ap viv sou zile Ayiti a.

Angle

Franse

2-Ayisyen gen de lang ofisyèl, kreyòl

ak.....

Jan Jak Desalin

Kristòf Kolon

3-.....se papa peyi d Ayiti.



Peyi d Ayiti fè pati yon bann peyi sou tè a.
Peyi nou an, Repiblik d Ayiti, okipe pati lwès
zile Ayiti a.

Sou kote nò peyi d Ayiti, nou jwenn Oseyan
Atlantik.

Sou bò lès li, nou jwenn Repiblik Dominiken.

Sou bò sid la, nou jwenn lanmè Karayib.

Sou bò lwès la, nou jwenn Kanal Di van ki
separe I ak Kiba.

Lajè peyi d Ayiti se 27750 kilomèt kare.


Kapital peyi a se Pòtoprens, pi gwo vil la.



Ki jan w wè kondisyon lavi pèp la nan peyi a ?
Ki pi gwo poblèm peyi a genyen ?
Ki jan ou wè nou ka regle gwo poblèm sa a ?


Egzèsis # 50

Ayiti



2

madi




Konstitisyon peyi a se manman tout lwa ki gen nan peyi a.

Nimewo 8-1 Konstitisyon 1987 la deklare Okenn lòt peyi pa gen dwa rantre lib kote ki pou peyi d Ayiti.

Yo pa gen dwa vann peyi etranje pa yon ti moso tè peyi d Ayiti.

ni yo pa gen dwa fè ankenn peyi etranje kado pi piti moso nan tè peyi d Ayiti.




Pèp Ayisyen renmen ti bout tè sa a anpil anpil.

Paske nou konnen se pa kado blan te fè nou.

Se san zansèt nou yo ki te koule pou tè d Ayiti te ka rele nou chèmèt chèmètrès.

Ayiti cheri nou renmen w anpil


Ayiti cheri n ap travay pou w ka retounen pèl dèz antiy.






fritay
frechè
pye flè


pyebwa
rezye
okazyon

revolisyon
nasyon
lafwa



Anba chak desen, w ap ekri sa li reprezante a.





$$\begin{array}{r} 230 \\ \times 3 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 223 \\ +331 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 223 \\ - 20 \\ \hline \end{array}$$

.....


$$\begin{array}{r} 344 \\ - 13 \\ \hline 331 \end{array}$$

$$\begin{array}{r} 226 \\ \times 3 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 331 \\ +427 \\ \hline \end{array}$$

.....



Yon ouvriye nan yon faktori touche 750 goud pa mwa. Chak mwa li depanse 700 goud pou lekòl timoun ak lwaye kay li. Men konbyen kòb li rete nan men li :

$$\begin{array}{r} 750 \\ - 700 \\ \hline 50 \text{ goud} \end{array}$$

Li rete 50 goud chak mwa pou l viv ak fanmi l.

Kote lajan manje ?

Kote lajan rad ?

Kote lajan kamyonèt ?

Kote lajan medikaman ?



Si nou monte nan yon aparèy yo rele
satelit, n ap kapab wè fòm peyi nou.




Nou ka wè anpil lòt peyi toujou.
Tout peyi sa yo fè pati latè.
Tout moun pa gen menm koulè.
Men tout moun se moun.
Se pou tout moun respekte lavi chak
moun.
Se pou tout moun sou latè travay men
nan men pou lavi vin pi bèl.
Se pou tout gouvènman travay nan tèt
ansanm pou yo pwoteje lavi sou latè.



Latè se kote tout moun rete.




Ki zòn ou wè ki pi bèl nan peyi a ?
Ki sa ki merite fèt pou Ayisyen yo ka ret viv
nan peyi yo?



Ekri kèk ti fraz pou w mande yon zanmi w
pou l vin wè w lakay ou. (3 liy)


Egzèsis # 51

Ayiti




3

mèkredi




Yon pèp ki pa konnen istwa l se yon pèp ki pa gen memwa.



Nan drapo nou an, gen yon pawòl ki vle di "Men anpil chay pa lou".


Li vle di tou se pou nou mete kouray nou ansanm pou nou konbat lamizè, pou nou kiltive tè nou, pou nou leve tout kalte defi ki devan nou. Paske tout gwo pa nou fè nan peyi a se nan tèt ansanm, men nan men ak nan kole zepòl nou resi fè yo.



Tèt ansanm
Men kontre
kole zepòl

konbit
kòve
gwoupman


òganizasyon
koperativ
sosyete



chwazi
chwe
chwal

machwè
chwèt
frajil


fratènite
frize
frape



Yon papa kite yon kawo tè kòm eritaj pou kat pitit li yo.
Sa vle di chak pitit gen yon ka kawo tè.

Chak pitit gen $1/4$ kawo tè.
Sa vle di kawo tè a fè kat pati.

$1/4$	$1/4$
$1/4$	$1/4$



Lè nou fè yon bagay fè plizyè moso, se divize nou divize l.

Nikòl gen yon douzèn ze. Li ap ranje ze yo pa pil(3).


Èske w ka di m konbyen pil ze Nikòl genyen?

Pou nou konnen konbyen pil ze ki genyen nan douzèn ze a, n ap divize kantite ze nou genyen an ki 12 ze pa kantite ze ki gen nan yon pil 3 ze.

$12 \text{ ze} \div 3 \text{ ze} = 4 \text{ pil ze}.$


$$\begin{array}{r|l} 12 & 3 \\ \hline 12 & 4 \\ \hline 0 & \end{array}$$

	000	
	1pil 3	
000		000
1pil 3		1pil 3
	000	
	1pil 3	



Men jan yo divize kadran yon mont
oubyen yon revèy.

[foto yon revèy]



12:15

12 èd tan




12:05



12:25

yo kapab divize menm kadran an an 60
minit.



Chwazi youn nan de mo ou pral jwenn
yo pou w konplete fraz yo.

yè demen.

1-Sa w ka fè jodi a, pa kite l pou.....


pase depase

2-Fòk nou pa rete nan sa k te.....

fòk nou gade sa k ap vini an.

bliye sonje

3-Bay kou bliye, pote mak.....



Ayiti se youn nan peyi ki gen yon istwa ki rich anpil e ki estwòdinè tou.
Men kèk dat enpòtan nan istwa sa a

Ane 1503 premye nèg Afriken debake sou tè d Ayiti.


Ane 1598 blan panyòl yo fè blan franse kado pati lwès zile Ayiti a.

Out 1791 esklav nèg pran lèzam pou yo fini ak lesklavaj.

18 Me 1803 lame esklav la kreye yon drapo ble e wouj.

Premye janvye 1804 nèg yo chase blan yo sou tè sa a e yo deklare Ayiti endepandan.

7 fevriye 1986 pèp Ayisyen leve kanpe pou l kwape diktati epi pou l plante demokrasi nan peyi a.



Ayiti se yon peyi ki gen bon frechè.
Se yon peyi ki gen bèl flè ak bon fwi.
Se pou nou travay pou Ayiti ka pi bèl toujou.


Se pou nou pran desizyon pou nou konbat debwazman ki lakoz ewozyon.

Ayiti se peyi nou.

Nou se lespwa Ayiti.



Pou ki sa peyi nou pòv kon sa a ?
Ki sa ki merite fèt pou fè lavi moun vin
miyò nan peyi a ?
Ki jan w wè avni peyi d Ayiti. ?



Ekri nasyonalite w _____
Ekri non twa vil nan peyi d Ayiti.


1

2

3


Egzèsis # 52

Ayiti




4

jedi




Pi gwo richès yon peyi genyen se moun.
Pi gwo richès peyi d Ayiti genyen se
Ayisyen.

Ayiti se yon peyi ki gen anpil poblèm.
Ayiti se yon peyi ki gen anpil bagay ki
merite fèt ladan n.




Pèp Ayisyen gen tan genyen anpil batay.
Youn nan pi gwo batay nou bezwen
genyen, se batay kont poblèm pi fò
moun ki pa konn li ak ekri a.
Pèp Ayisyen gen anpil poblèm.
Men nou pa pòv pou sa.



lapè
travay
pwòpte

anviwònman
devlopman
konstitisyon


respè
konesans
renmen



kilti
kreyòl
kwayans

lavi
lasante
lajistis

tèt ansanm
amoni
richès



$$\begin{array}{r} 18 \\ + 21 \\ \hline \end{array}$$


.....

$$\begin{array}{r} 59 \\ - 28 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 98 \\ + 62 \\ \hline \end{array}$$

.....



$$\begin{array}{r} 12 \\ \times 4 \\ \hline \end{array}$$


.....

$$\begin{array}{r} 42 \\ \times 3 \\ \hline \end{array}$$

.....

$$\begin{array}{r} 77 \\ - 13 \\ \hline \end{array}$$

.....



Tiplas kazo jedi 8 jen 2000

Zanmi m

Mwen kontan ekri w pou m ba w nouvèl nou pa bò isit. Nou tout byen anpil.


Kounye a mwen konn li ak ekri.

Lè w ap voye komisyon pou mwen, ou mèt ekri m.

Mèsi poutèt ou te ankouraje m patisipe nan pwogram sa a.

m ale.

salye tout moun pou mwen.



Ekri dat jodi a

.....

Ekri non kote w rete a

.....

Ekri non twa peyi etranje

1.....

2.....


3.....

Ekri non papa w

.....

Ekri non manman w

.....



Ayiti gen anpil pblèm, men Ayiti pa yon peyi pòv.

Nou bezwen travay anpil pou nou regle divès pblèm peyi a, pblèm anviwònman, pblèm sante, pblèm manje, pblèm wout, pblèm podiksyon nasyonal, eksetera.

Anpil fwa nou konn blije kite peyi a ale lòt kote, men se pa renmen nou pa renmen peyi a.

Ayiti toujou rete Ayiti cheri nan kè tout Ayisyen.



Ki jan w wè ou ka travay pou itil peyi a ?
Ki pi gwo devwa yon Ayisyen devan peyi l ?
Ki sa w wè ou pran nan travay aprann li ak ekri a ?



Ekri yon ti lèt bay yon moun ou konnen pou w
di l ou konn li ak ekri kounye a.

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

SAK NAN LIV LA

• Egzèsis # 29-----	131
• Egzèsis # 30-----	136
• Egzèsis # 31-----	142
• Egzèsis # 32-----	148
• Egzèsis # 33-----	155
• Egzèsis # 34-----	161
• Egzèsis # 35-----	166
• Egzèsis # 36-----	172
• Egzèsis # 37-----	180
• Egzèsis # 38-----	186
• Egzèsis # 39-----	194
• Egzèsis # 40-----	200
• Egzèsis # 41-----	208
• Egzèsis # 42-----	214
• Egzèsis # 43-----	219
• Egzèsis # 44-----	224
• Egzèsis # 45-----	231
• Egzèsis # 46-----	236
• Egzèsis # 47-----	241
• Egzèsis # 48-----	247
• Egzèsis # 49-----	254

• Egzésis # 50-----	260
• Egzésis # 51-----	266
• Egzésis # 52-----	272

